

Rut

Le livre de Ruth en wolof

traduit de l'hébreu et publié par
la Mission Baptiste du Sénégal

B.P. 8408, 14523 Dakar

B.P. 1229, 23022 Thiès

Traduction provisoire

Droit de reproduction © 2013 Mission Baptiste du Sénégal

Tous droits réservés.

Quiconque voudrait le reproduire devra inclure la déclaration de droit d'auteur ci-dessus.

Pour la reproduction en plus de 250 exemplaires, veuillez écrire à l'adresse suivante:

B.P. 1229 — Thiès, Sénégal

Ku ko bëgga sotti, na ci boole kàdduy sañ-sañu boroom yii:

"© 2013 Mission Baptiste du Sénégal."

Ku ko bëgga sotti lu ëpp 250 yoon, na bind ci :

B.P. 1229 — Thiès, Sénégal

Pour mieux lire ce livre...

L'alphabet officiel dont on se sert est facile à lire. Les seuls symboles qui présentent une certaine difficulté sont les suivants:

j	se trouve dans	la paix	--jàmm (ji)
	et	dernier	--mujj
c	se trouve dans	le couscous	--cere (ji)
	et	descendre	--wàcc
ñ	se trouve dans	tous	--ñépp
	et	refuser	--bañ
x	se trouve dans	savoir	--xam
	et	la main	--loxo (bi)
ë	se trouve dans	l'œil	--bët (bi)
	et	demain	--ëllëg
ŋ	se trouve dans	la mâchoire	--ŋaam (wi)
	et	seulement	--doŋŋ

Une différence existe entre **a** et **â**

baigner	--sang	revêtir	--sàng
l'encensoir	--and (bi)	accompagner	--ànd

La voyelle est **doublée** pour indiquer la longueur

valoir	--jar	passer par	--jaar
être propre	--set	chercher	--seet
le cœur	--xol (bi)	regarder	--xool
le nom	--tur (wi)	répandre	--tuur

La voyelle est **accentuée** pour indiquer la fermeture

souper	--reer	être perdu	--réer
jeûner	--woor	être sûr	--wóor

Li nuy bëgga lim lu nu tëral la, bëgg cee déggook bokki jàngkat yu tedd yi,
ngir déggin wi leer, ba deesu ko jaawatle.

Nanu ràññee...

nanu ak nañu

Dees na wax: «(Nun) war nañoo dem» (n bi am maas bii: ~).

Waaye danu koo taamoo binde nii:

«(Nun) war **nanoo** dem,»

ngir ñu bañ koo jaawatleek: «War nañoo dem (ñoom).»

naa ak na

Bu loolu weesoo, dees na wax: «(Moom) war naa dem.»

Waaye danu koo taamoo binde nii:

«(Moom) war **na** dem,»

ngir ñu bañ koo jaawatleek: «War **naa** dem (man).»

leen ak léen

Te it dees na wax, «Bëgg nanu leen (ñoom).»

Waaye danu koo taamoo binde nii:

«Bëgg nanu **léen** (ñoom),» (**léen** am maas bii: ´)

ngir ñu bañ koo jaawatleek: «Bëgg nanu **leen** (yéen).»

Noonu:

Yéen ñi gëm, Yàlla musal na **leen**.

Ñoom ñi gemul, Yàlla rëbb na **léen**.

Boo gisee màndarga mii --- , xamal ne kàddu gee yeggul. Dafa dog, mbaa
muy wax ju ñu junj rekk.

Mbind yi ñu ràññale ak yi ñu dijjal, boddul ci mbindum Yàlla mu sell, mi
ñu jukkee ci téere yu jëkk ya.

Boo gisee baat bu ñu tofal araf bu tuuti bu mel nii **a**, seetal lu muy tekki ci
suufu xët mi.

Boo gisee tomb bii ° ci boppu baat, seetal lu muy tekki ci *Leeral yi*, fi téere
biy waaja jeexe.

Rut

Musiba dikkal na kër Elimeleg

1 ¹ Ba njiit ya daan àtte faloo ca Israyil^a, jamono jooju dafa amoon xiif ci réew mi. Jenn waay jóge Betleyem ca diiwaanu Yuda, ànd ak soxnaam ak ñaari doomam yu góor, ñu toxuji ca réewum Mowab^b. ² Waa ja di Elimeleg, soxnaam di Nawmi, ñaari doomam yu góor ya di Malon ak Kilyon. Ay Efrateen lañu, cosaano Betleyem ca Yuda. Ñu agsi ca réewum Mowab, daldi sanc foofa.

³ Gannaaw gi Elimeleg jëkkëri Nawmi ja faatu, mu des ak ñaari doomam yu góor. ⁴ Ñooñu mujj jël ay jigéeni Mowab soxna; kenn ka di Orpa, ka ca des di Rut. Ba ñu nekkee foofa lu toll ci fukki at, ⁵ ñoom ñaar ñooñu di Malon ak Kilyon faatu ñoom it, jigéen ja ñàkk noonu ñaari doomam ak jëkkëram. Mu des moom kenn.

Rut topp na Nawmi

⁶ Ba loolu amee Nawmi fabu, mook goroom ya, ngir jóge réew ma. Booba fekk na mu dégge ca Mowab ne Aji Sax ji xettli na askan wi mu séddoo, ba may léen ab dund. ⁷ Ma ngay jóge fa mu dëkkoon, ànd ak ñaari goroom ya, ñu daldi tegu ca yoon wa, jëm Yuda.

⁸ Ci biir loolu mu wax ak ñaari goroom ne léen: «Demleen kay, ñibbileen, ku nekk sa kër yaay. Yal na leen Aji Sax ji baaxe, na ngeen baaxe woon ñi wuutu, te baaxe ma, man itam. ⁹ Yal na Aji Sax ji may ku nekk ci yéen jàmm ca kër jëkkëram.» Ci kaw loolu mu foon léen, ñu ne yikkët jooyoo. ¹⁰ Ñu ne ko: «Déet, yaw kay lanuy àndal dem ca say bokk.»

¹¹ Mu ne léen: «Ñibbileen ngalla, doom, lu ngeen di ànd ak man doye? Ndax dama leena manatee jural ay jëkkër ci sama biir bii? ¹² Ñibbileen rikk doom, demleen, ngir man damay mag, ba weesu séy; te su ma ci dese woon yaakaar

^a 1.1 Booba buur amagul woon ca Israyil.

^b 1.1 *réewum Mowab* ak réewum Israyil ñoo feggoo woon, waaye seen diggante neexul woon.

it, guddig tey jii sax su ma ci séyoon, jur ciy doom, ¹³mbaa dingeen léen mana xaar, ba ñu màgg? Xanaa dungeen toog, baña séy ndax ñoom? Déedéet, doom. Maa leen ëpp naqar, man mi Aji Sax ji nattoo nii.»

¹⁴Ñu dellu ne yikkët, di jooyoo. Orpa foon goroom, tàggtook moom, waaye Rut moom langaamu ko rekk. ¹⁵Mu ne ko: «Gis nga sa wujju peccorgo waa ngay ñibbi cay bokkam ak i tuuram. Àndal ak moom ñibbi kay!» ¹⁶Mu ne ko: «Bu ma soññ mukk ci loolu, дума la wacc, дума la dëddu. Foo jëm, fa laa jëm; foo dal, fa laay dal; say boka di saay boka; sa Yàlla di sama Yàlla. ¹⁷Foo deeyee it, ma deeye fa, ñu denc ma fa. Yal na ma Aji Sax ji teg mbugal mu gëna tar, ndegam lenn lu moy dee tàggale na maak yaw.» ¹⁸Nawmi nag gis ni Rut dogoo ci ànd ak moom, ba tax soññatu ko. ¹⁹Ba mu ko defee ñu ànd ñoom ñaar, ba àgg Betleyem.

Naka lañu àgg Betleyem, dëkk ba bépp ne kër-kër, ne këpp ndax ñoom. Jigéen ña naa: «Xanaa kii kay du Nawmi?» ²⁰Mu ne léen: «Buleen ma ne Nawmi (mu firi Boroom mbégte mi), neleen ma Mara (mu firi Boroom naqar wi), ndax Aji Man ji da maa teg naqar wu réya réy. ²¹Maa demoon ak loxo yu ne gadd; Aji Sax ji delloosi maak loxoy neen. Kon lu ngeen may wooye Nawmi doye, te Aji Sax ji àtte ma ñàkkal? Ndax kat Aji Man ji tàbbal na ma ci njàqare!»

²²Noonu la Nawmi jógee Mowab, ñibbsi, ànd ak Rut, gorob Mowabeenam ba. Ñu agsi Betleyem, fekk ngóobum ors ma di tàmbli.

Rut gis na ku ko baaxe

2 ¹Nawmi nag amoon na wóllérey jëkkëram, di góor gu ñuy wax Bowas, bokk ci °làngu Elimeleg, di ku am daraja.

²Mu am bés Rut, ndawas Mowab sa, ne Nawmi: «Tee maa dem tool, ndax ma gis boog ku ma laaye biir, ma mana foraatu gub yu des ca gannaawam?» Mu ne ko: «Waaw, demal, doom.» ³Mu dem ca tool ya, topp ñay góob, di foraatu. Yàlla-woo-yàlla, tool booba di toolub Bowas ma bokk ak Elimeleg.

⁴Nes tuut Bowas ne jalañ, jóge Betleyem. Mu nuyook ñay góob ne léen: «Jaagéenjéf waay, yal na Aji Sax ji ànd ak yéen.» Ñu fey ko ne ko: «Jaajéf, yal na la Aji Sax ji barkeel.» ⁵Mu laaj ka jiite ngóob ma, ne ko: «Ndaw sii fu mu bokk?» ⁶Mu ne ko: «Mooy waa Mowab, ba Nawmi àndal, jóge Mowab, ñibbsi. ⁷Dafa ñaan ñu may ko, mu topp ci ñiy góob, ba saatu ci gub yi ñu rotle. Mu ngi ñëw ci suba, di liggéey ba nēgēni; noppaluwul lu moy diir bu gàtt ci mbaar mi.»

⁸Bowas nag ne Rut: «Doom, ma ne, bul saatuji ci beneen tool bu dul bii. Bul weesu fii. Toogal fii ci samay surga yu jigéen. ⁹Xoolal bu baax fi xale yu góor yiy góob, te nga topp fa jigéen ñi. Wax naa xale yu góor yi ne léen buñu la sonal. Soo maree, demal naan ca njaq ya góor ñi duy.»

¹⁰Naka la wax loolu, mu sujjóot, dēpp jēwam fa suuf, ne ko: «Xanaa su la neexoon de, doo ma nemmiku sax, ndax ab doxandéem laa, waxatuma nga di ma laaye nii biir!» ¹¹Mu ne ko: «Dégg naa bu baax li nga defal sa goro lépp, te fekk sa jēkkēr faatu, ak ni nga wone gannaaw sa ndey ak sa baay ak sa réewum cosaan, ba ñëw dēkksi ci biir xeet woo xamuloon démb ak bēkk-démb. ¹²Yal na la Aji Sax ji fey sa jéf. Aji Sax ji Yàllay Israyil, ji nga làqusi ci kiiraayam, yal na la yool, ba mu mat sēkk.»

¹³Rut ne ko: «Teral nga ma de, sang bi. Yal nanga may laaye nii biir, ndaxte dēfal nga ma, wax ma lu seral sama xol, te moona say surga yu jigéen yi sax a ma gēn.»

¹⁴Noonu añ jot, Bowas ne Rut: «Kaay, sàkk ci mburu mee ak ñeex mi.» Mu daldi toog, feggook ñay góob; Bowas may ko mbool, mu lekk ba suur, ba desal.

¹⁵Naka la jóg, di saatuji, mu sant ay surgaam, ne léen: «Bu doon for ci biir sabaar yi sax, buleen ko ñàkke kersa. ¹⁶Roccil-leen koo roccil ci takk yi, bàyyi ko mu for, te bañ koo gēdd.»

¹⁷Ba loolu amee, Rut di for ba ngoon jot, mu bàcc la mu for ci peppum ors, mu fees saaku bu ndaw. ¹⁸Mu yóbbu ko nag, ba ca dēkk ba, goroom gis la mu for, mu daldi yebbi la desoon ca añam, jox ko. ¹⁹Goro ba ne ko: «Foo fore lii

lépp tey? Ban tool nga doon liggéey sax? Ki la nemmikoo nii de, yal na barkeel!» Rut nag wax goroom ka mu doon liggéeye toolam, ne ko: «Ka ma doon liggéeye toolam de, Bowas lañu koy wax.»

²⁰ Nawmi ne Rut: «Yal na ko Aji Sax ji barkeel, moom mi saxoo sàmm ngoram digganteem ak nit, muy dund ak mu dee!» Mu teg ca ne ko: «Kooku ku nu jege la; bokk na ci ñi am sañ-sañu jootaat^c nu.» ²¹ Noonu Rut, ndawas Mowab sa ne: «Moom de da ma ne sax, ma topp ciy surgaam, ba ngóobam mépp daj.» ²² Mu ne ko: «Waaw kay, doom, toppal ci surgay Bowas yu jigéen rekk, bala ñu laa soxore ci beneen tool.» ²³ Noonu la Rut ànde ak surgay Bowas yu jigéen, topp ci ñoom di for, ba keroog ngóobum ors baak bele ba, lépp jeex. Mu toog nag ak goroom.

Rut gise naak Bowas

3 ¹ Gannaaw gi Nawmi, gorob Rut ba, dafa wax Rut ne ko: «Doom, tee ma laa sàkkal fooy ame jàmm, nga féete fa? ² Bowas mii nga nekkoon ak i surgaam yu jigéen, du mbokk lenqe la? Guddig tey jii kat moom dina jériji peppum ors ca dàgga ja. ³ Kon nag sangul, solu ba jekk, xeeñu, dem ca dàgga ja. Bu ko feeñu nag te lekkul, ba naan ba noppi. ⁴ Bu demee ba tëdd, nanga nemmiku fa mu tëdd. Su ko defee nga àgg ba foofa, muri fa féeteek t ànk ya, tëdd. Moom dina la xamal li nga wara def.» ⁵ Mu ne ko: «Baax na, loolu rekk laay def.»

⁶ Ba mu ko defee mu dem ca dàgga ja, def la ko goroom wax lépp. ⁷ Bowas lekk, naan ba xolam sedd, doora dem tëdd ca peggub jalu pepp ba. Moom it mu jegesi ndànk, muri fa féeteek t ànk yi, tëdd.

⁸ Ñu dem ba xaaju guddi, góor gi jekki ne bërét, toog, yem ci ndaw si tëdd fi féeteek i t ànkam. ⁹ Mu ne: «Kii ku mu?» Mu ne: «Man a Rut, sang bi. Yiire ma sa malaan, ndax mbokk nga te sañ nga maa jootaat.»

^c **2.20 jootaat:** bu góor masaana dee te amul doom, mbokkam mi ko gëna jege mooy jël jabaram, ngir jurat ko ku ko donn. Kooku mooy jootaat suufi mbokkam mi dee, jënd ko, ngir alal ji des ciy bokkam.

¹⁰ Mu ne ko: «Yal na la Aji Sax ji barkeel, doom! Jiwati nga bokk gi ngor lu gënatee rafet. Ndax su la neexoon, nga topp ci xale yu góor yi, ñu am ak ñu ñàkk. ¹¹ Léegi nag neel tekk rekk, doom. Loolu nga ñaan lépp, dinaa la ko defal, ndax waa dëkk bi bépp xam nañu ne jigéen ju jàmbaare nga. ¹² Da di nag, dëgg la sax, mbokk laa mu la mana jootaat, waaye meneen mbokk mu la mana jootaat a ngi fi, te moo ma ci gëna yey. ¹³ Dangay fanaan fii. Bu ëllëgee, su fekkee ne nangu na def warugaram ci yaw, na ko def, baax na. Su nanguwul nag, dogu naa ci Aji Sax ji, kiy dund, man dinaa ko def. Tëddal fii rekk, ba ëllëg.»

¹⁴ Ba loolu amee mu tēdd fa féeteek tãnki Bowas, ba njël jot, mu jóg balaa kenn mana xàmmi moroomam. Booba Bowas bëgguloon ñu xam ne ndaw si ñëw na ci dàgga ji. ¹⁵ Noonu mu ne ko: «Tàllalal malaan mi nga sàngoo, te téye ko bu baax.» Mu tàllal malaan ma, mu sotti ca juróom benni natti peppum ors, yen ko ko, mu ñibbi ca dëkk ba^d.

¹⁶ Naka la àgg ca goroom Nawmi, mu ne ko: «Doom, koo doon nag!» Rut nettli ko na góor gi def ak moom yépp, ¹⁷ daldi cay teg ne ko: «Juróom benni natti ors yii moo ma ko may, ne ma duma dellu loxoy neen ca sama goro.»

¹⁸ Mu ne ko: «Yaw kay neel tekk fii rekk, doom, ba xam nu mbir miy mujje. Waa jii du toog te topptoowul mbir mii tey, ba mu leer.»

Bowas lal na pexe

4 ¹ Ci biir loolu Bowas dem ba ca bunt dëkk ba^e, toog. Noonu rekk mbokk ma mu waxoon ne su dee jootaat, moo ko ci gëna yey, daldi fay jaare. Mu woo ko ne ko: «Diwoo, kaay fii, toog tuuti.» Mu dikk toog. ² Bowas woo fukki magi dëkk ba, ne léen: «Toogleen.» Ñu toog.

³ Mu wax ak mbokk ma yeyoo sañ-sañu jootaat ba, ne ko: «Ab làccu suuf bu sunu mbokk Elimeleg moomoon la, Nawmi di ko jaay. Mooy ka jóge réewum Mowab, ñibbsi. ⁴ Man nag dama noon war naa la koo yegge, te laaj la ndax

^d 3.15 Manees naa dégge nii itam: ...yen ko ko, doora ñibbi ca dëkk ba.

^e 4.1 ca **bunt dëkk ba** booy duggsi, fa la pénc ma nekkoon.

danga koy jënd ci kanam magi dëkk bi ak ñi fi toog. Soo béggee def sa warugaru jootaat, jëndal. Soo bëggul, wax ma, ma xam. Ndax kat kenn gënu la cee yey, te maa topp ci yaw.» Mu ne ko: «Damay jënd kay!»⁵ Mu ne ko: «Bés boo jëndee suuf si ci Nawmi nag, yaay denc Rut ndawas Mowabeen, sa doon soxnas ndem-si-yàlla si, ndax nga mana lawal askanam, ba du fey, boole ci sàmmal léen seen alal.»⁶ Mu ne: «Kon de дума mana def sama warugar, ndax sama alal a ciy yàqoo^f. Fabal boog sama sañ-sañu jootaat, ndax дума ko mana jariño.»

⁷ Booba Israyil, ca jamono yu jëkk yooya, mbirum njëndum jootaat mbaa ag weccoo, la ñu ko baaxoo dogale mooy lii: kii day summi dàllam, jox kee. Noonu lees daan yoonale ag jëflante ca Israyil.⁸ Moo tax ba boroom sañ-sañu jootaat ba waxee Bowas, ne ko: «Jënd ko yaw,» da caa teg summi dàllam, dogale ko mbir ma.

⁹ Ba mu ko defee Bowas wax ak mag ña ak ñeneen ña ñépp ne léen: «Seedeleen bésub tey ne jënd naa ci Nawmi mboolem alalu Elimeleg ak mboolem alalu Kilyon ak Malon,¹⁰ boole ci Rut, ndawas Mowab, sa doon soxnas Malon, muy sama soxna. Su ko defee ma mana lawal askanam, ba du fey, boole ci sàmmal léen seen alal, ba turu Elimeleg du réer ci biiri bokkam te du raaf ci limeefu dëkk bi. Yéen a ko seede bésub tey jii.»

¹¹ Noonu waa pénc ma mépp ak mag ña ne ko: «Noo ko seede. Yal na Aji Sax ji def ndaw siy séysi sa kër, mel ni Rasel ak Leya^g, ñoom ñaar ñi giir waa kër Israyil gépp. Yal na nga tekki ci digg Efrata te am u tur ci Betleyem.¹² Njaboot gu la Aji Sax jiy may ci ndaw sii, yal na ñu lawal saw askan ba mu mel ni askanu Peres, ma Tamar am ak Yuda.»

^f 4.6 Su waa ji defoon warugaru jootaatam, ba denc Rut, kon moom mooy yor Nawmi ak Rut ak doom ju ñu am ci séy bi, te it ay doomi boppam duñu donn suufas Elimeleg. Doom ji muy am ak Rut moo koy donn. Loolu moo doon aaday bànni Israyil.

^g 4.11 **Rasel ak Leya** ñooy doon soxnay Yanqóoba.

Yàlla barkeel na séy ba

¹³ Ba mu ko defee Bowas jël Rut. Gannaaw gi mu dëkkoo ko; Aji Sax ji may ko mu ëmb, am doom ju góor. ¹⁴ Jigéen ña ne Nawmi: «Sant Aji Sax ji, moom mi la xañul mbokk mu la jootaat nii tey! Yal na xale bi di ku am u tur ci Israyil gépp. ¹⁵ Dina la leqli, dimbali la keroog ba ngay mag, ndax sa goro bi la bëgg te dàqal la juróom ñaari doom yu góor, moo ko jur.»

¹⁶ Nawmi nag fab xale bi, taf ko ci dënnam. Gannaaw loolu moo ko doon topptoo. ¹⁷ Noonu jigéeni gox ba naa: «Waay waay Nawmi am na doom ju góor!» Ñu tudde xale bi Obet. Obet moo jur Yese, miy baayu Daawuda.

¹⁸ Kon lii mooy askanu Peres^h ci wàllu geño: Peres moo jur Eson, ¹⁹ Eson, Ram; Ram, Aminadab; ²⁰ Aminadab, Nason; Nason, Salma; ²¹ Salma, Bowas; Bowas, Obet; ²² Obet, Yese; Yese, Daawuda.

^h 4.18 *Peres* taawu Yuda la, di sētu Yanqóoba.

